



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN SIZYÈM FAZ KONKOU AKSELERATÈ LUMINATE NY LA

***Oculi resevwa 1 milyon dola investisman; Senk lòt konpayi sekirize investisman pou finansman alavni***

***N ap resevwa aplikasyon aktyèlman pou 7yèm faz konkou optik, fotonik ak imajri a jiska 8 janvyè 2024***

***Investisman Eta New York la ap konplete inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an***

***Foto ak videyo patisipan Luminare NY yo disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Oculi se gayan Sizyèm Faz konkou akseleratè antrepriz k ap demare nan domèn optik, fotonik ak imajri Luminare NY la. Oculi ki baze nan Baltimore, Maryland, te resevwa prim "Konpayi pou Ane a" nan Luminare Finals 2023 a, ki te fèt an dirèk nan Innovation Square nan anba lavil Rochester ak sou entènèt. Konpayi an pral resevwa 1 milyon dola kòm investisman nan men Eta New York gras a [Inisyativ Revitalizasyon Reyon Nò \(Upstate Revitalization Initiative, URI\) Finger Lakes Forward la](#). Oculi pral sèvi ak finansman swivi an pou deplase katye jeneral li nan Rochester, epi pou ogmante operasyon yo pou pwodiksyon an mas, agrandi lavant, ak pou devlope vèsyon avanse pwodwi li yo. Luminare NY, ke NextCorps administre, se pi gwo akseleratè biznis nan mond lan pou konpayi k ap emèje ki genyen teknoloji ki baze sou optik, fotonik ak imajri. Evènman final yo make finisman sizyèm ane pwogram ki baze sou kòwòt la, ki kounye a gen plis pase 50 konpayi nan pòtfèy li. Jan prim lan egzije l, tout gayan konkou an ap angaje pou etabli operasyon yo nan reyon an pandan omwen 18 pwochen mwa yo.

"Gras a Luminare NY, eta nou an ap kontinye dirije nasyon an nan rechèch teknolojik dènye kri", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Gayan yo nan sizyèm faz konkou a reprezante kèk nan biznis ki pi inovatè nan mond lan k ap pote pwodwi transfòmasyon nan optik, fotonik ak chèn apwovizyonman pou imajri sou mache a. Mwen felisite gayan ane sa yo, epi mwen rete angaje pou m sipòte biznis ak endistri gwo teknoloji k ap grandi rapid k ap fè New York avanse pi devan".

Oculi ap redefini vizyon pa òdinatè ak machin avèk premye kaptè vizyon entelijan ak ki ka pwograme nan mond lan, Oculi SPU™ [Inite Deteksyon ak Tretman (Sensing and Processing Unit, SPU™)]. Li konbine efikasite byoloji—pi espesyalman je imen an—ak vitès machin yo pou fè vizyon òdinatè vin pi rapid ak pi efikas. Nan entegre entelijans nan kaptè a nan nivo piksèl, pis inovatè a gen pouvwa pou transfòme aparèy entelijan atravè kay, biwo ak veyikil. SPU Oculi a se ideyal pou entelijans vizyèl nan dènnye kri, tankou swiv jès, rekonesans fasyal ak swiv je ki gen latans ki ba.

**Direktè Egzekitif Jeneral Oculi, Charbel Risk, te deklare,** "Pwogram Luminare la, ekip, ak rejyon an depase atant mwen. Mwen te aprann anpil bagay sou bèl rejyon Finger Lakes ak ekosistèm enpòtan ki egziste isit la. Si mwen te konnen sa pi bonè, li t ap baz konpayi mwen an depi premye jou".

Yo te bay Digiteyez ki baze nan Washington, DC, Pri Diplome Eksepsyonèl (Outstanding Graduate) la ak investisman swivi 400,000 dola. Konpayi an ap rann nimerik endistri vizyon an lè li bay swen pou je sou demann avèk Clear, yon tès je rapid ak fasil kliyan yo ka pran nenpòt kote, apati nenpòt aparèy.

Twa konpayi a egalite pou Pri Diplome Distenge (Distinguished Graduate), kote chak resevwa 200,000 dola nan finansman swivi. Yo enkli NanoPattern Technologies ki baze nan Chicago, Illinois, ki ap transfòme fabrikasyon ekspozisyon avèk chimi patante li yo ak lank a pwen kantik; Quantune Technologies, ki baze nan Bèlen, Almay, ki komèsyalize premye espektwomèt lazè ki menm gwosè ak pis nan mond lan; ak Swave Photonics soti nan Louven, Bèljik, ki ap transfòme fason yo fè eksperyans avèk reyalite ogmante ak vityèl atravè teknoloji Holografik eXtended Reality (Holographic eXtended Reality, HXR).

Akonplisman Onorab ak 50,000 dola te ale nan Photonect Interconnect Solutions, yon jèn konpayi ki baze nan Rochester k ap remodle avni koneksyon fib optik ak pis fotonik nan sèvi avèk teknoloji lazè olye lakòl tradisyonèl yo.

Yo te prezante investisman jodi a yo apre yon panèl jij ki fè pati endistri optik, fotonik ak imajri (optics, photonics, and imaging, OPI) a ak kominote kapital-risk la te bay konpayi k ap patisipe yo nòt ki baze sou prezantasyon biznis yo, ak dilijans ki fèt pandan pwogram akseleratè sis mwa a.

Depi kreyasyon li, Luminare NY te investi 18 milyon dola nan 63 jèn konpayi. Konpayi yo nan pòtfèy la pataje kounye a yon valè nèt ki se plis pase 650 milyon dola. Anplis sa bay yon retou sou investiman ki estime a 1.5 a 2 fwa, anpil konpayi ap etabli operasyon Etazini oswa kèk aspè nan rechèch ak fabrikasyon yo nan rejyon Rochester, ki te abouti nan 164 djòb. Gayan Konpayi Ane pou ane pase a, Lidrotec Technologies, te etabli yon biwo New York, epi li ap travay sou etabli yon sistèm pwototip nan New York.

**Direktè Jeneral Luminare NY la, Doktè Sujatha Ramanujan, te deklare,** "Konpayi ki nan premye etap yo k ap devlope teknoloji pwofon bezwen sipò ki espesifik pou bezwen yo. Avèk resous OPI rich ki disponib nan Finger Lakes, nou kapab konbine yo ak

ekspètiz, patnè, ak envestisè ki ka ede yo akselere trajektwa teknoloji yo ak biznis yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou kontinyasyon pwogram nan, k ap pote pi bon konpayi k ap emèje yo nan rejyon nou an".

Akseleratè Luminare NY la baze nan Rochester epi chwazi 10 a 12 konpayi pwometè chak ane pou patisipe nan pwogram sis mwa ibrid li a. Pandan moman sa a, konpayi yo bay plis pase 200 èdtan ansèyman, ansanm ak resous pou fè avanse teknoloji ak biznis yo. [N ap aksepte aktyèlman aplikasyon](#) pou 7yèm Faz la rive 8 janvyè 2024. Ekip yo pral resevwa 100,000 dola nan finansman lè pwogram nan kòmanse an avril 2024, ak espere ke 50,000 dola pral itilize pou angaje resous nan rejyon Finger Lakes. Yo espere ekip yo ap vini nan Rochester pou kèk semèn epi patisipe tou nòmalman pandan tan yo nan akseleratè a.

Rejyon Finger Lakes la se lakay yon ekosistèm antreprenè ki ekstrèmman rich ki ap panse pou pi devan ki ap chèche devlope biznis pa yo. Rochester ofri etablisman Tès, Asanblaj ak Anbalaj pou American Institute for Manufacturing Integrated Photonics nan Eastman Business Park, [University of Rochester's Institute of Optics](#), [Rochester Institute of Technology](#), ak plis pase 150 konpayi OPI lokal ki anplwaye plis pase 17,000 anplwaye.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Felisitasyon pou Oculi ak tout finalis ki te patisipe nan Sizyèm Faz konkou inovatè Luminare NY la. Konkou Luminare NY la konsantre sou akselere inovasyon ak envestisman nan endistri optik, fotonik ak imajri New York la ki gen renome nan mond lan te etabli Finger Lakes davantaj kòm yon sant OPI, epi nou eksite konsènan kwasans ak enpak konpayi vizyonè sa yo pral genyen sou rejyon an".

**Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare,** "Rejyon nou an te yon inovatè ak lidè nan teknoloji emèjan pandan plizyè jenerasyon. Felisitasyon pou Oculi, ak tout finalis ki te patisipe nan sizyèm faz konkou inovatè Luminare NY la. Mwen pa ka tann pou m wè kwasans ak enpak alavni konpayi sa yo pral pote nan rejyon Finger Lakes la pandan n ap kontinye elaji endistri optik, fotonik ak imajri ki gen renome nan mond lan".

**Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare,** "Felisitasyon pou Oculi paske li te genyen sizyèm faz Konkou Luminare NY la! Oculi ak tout finalis yo reprezante kalite inovasyon dinamik ki pral akselere sektè teknoloji nou yo kounye a pou prepare nou pou lavni. Kreyativite ak kapasite envansyon yo pral kontinye pote opòtinite travay ak envestisman nan zòn nou an. Nou dwe satisfè vizyon yo ak siksè yo avèk pwogram devlopman mendèv ekite ki non sèlman sipòte endistri k ap emèje epi k ap grandi yo, men tou ki ofri pakou karyè pou tout manm yo nan kominote nou an."

**Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare,** "Pwogram akseleratè Luminare NY la kontinye ankouraje antreprenarya, inovasyon ak kwasans ekonomik nan Konte Monroe. Felisitasyon pou Oculi ak tout finalis 6yèm Faz yo, ki pral san dout fè avanse teknoloji dènye kri nan rejyon nou an epi kontinye pote opòtinite travay nan optik, fotonik ak imajri gwo teknoloji ak envestisman nan Konte Monroe. Mèsi Empire

State Development, Finger Lakes Forward ak Gouvènè Kathy Hochul paske nou te fè investisman enpòtan sa yo epi te ede fòme avni peyizaj teknolojik rejyon nou an".

**Majistra Rochester, Malik Evans, te deklare,** "Istwa Rochester chaje ak moun ki panse yon fason kreyatif, moun k ap pran risk, ak moun k ap rezoud pwoblèm kote travay yo se chanje mond lan—epi lidè vizyonè eta ak lokal nou yo adopte tradisyon sa a ak fyète", Majistra Rochester, Malik Evans, te deklare. "Yo te travay san pran souf pou ankouraje ak grandi predominans vil nou an nan fotonik, optik ak imajri. Felisitasyon pou Oculi ak tout finalis yo, epi siksè pou lavni nou—paske siksè w se siksè nou".

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Luminare NY, ale sou: <https://luminare.org/>.

Pou plis enfòmasyon sou NextCorps, vizite: <https://nextcorps.org/>.

### **Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplèman "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York la ([www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov)). Misyen ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", ki se mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)